



Pou Piblikasyon Imedya: 25/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY MIZAJOU SOU REPONS ETA A FAS AK TANPÈT
IVÈNAL ISTORIK K AP AFEKTE PLIZYÈ REJYON NAN ETA A**

***Eta Ijans nan tout Eta a rete an vigè pandan tanpèt ivènl istorik la ap kontinye
afekte anpil rejyon Lwès New York la ak North Country***

***Gen 200 sòlda Gad Nasyonal anplis k ap deplwaye nan Lwès New York nan lendi
pou ede ak repons ijans New York la***

***Ajans Eta yo te deplwayd pèsoneèl ak ekipman nan rejyon Lwès New York epi
kontinye travay sou tèren an ak patnè sekirite piblik lokal yo, sa enkli fòm ekip
entèvansyon ak Polis eta a, DHSES, DEC, DOT ak Gad Nasyonal pou sipòte efò
retablisman elektrisite nan Vil Buffalo***

***NYS Thruway (I-90) rete fèmen pou tout sikilasyon ant Sòti 46 (Rochester, I-390)
ak Fwontyè Pennsylvania; entèdiksyon vwayaj nan tout konte a anplas pou zòn
Lwès New York ak Konte Jefferson ki pi afekte pa tanpèt la***

***Plizyè Otowout ak Interstates Eta a nan Konte Erie fèmen akòz kondisyon yo;
plizyè Konte nan Lwès New York, Rejyon Finger Lakes ak North Country anba
Eta Ijans ak entèdiksyon vwayaj lokal***

***Apre gen 25,000 blakawout ki rete atravè eta a, majorite blakawout yo nan
Konte Erie***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bay yon mizajou nan repons kontinyèl yo nan tanpèt ivè istorik la ki te pote kondisyon tanpèt nèj pandan wikenn nan anpil pati nan rejyon Lwès New York, Finger Lakes ak North Country. Jedi, anvan evènman an, Gouvènè Hochul te deklare yon Eta Ijans nan tout eta a epi li te deplwaye Gad Nasyonal New York nan vandredi aswè pou ede ak repons tanpèt ak misyon rechèch ak sekou yo. Gouvènè a te deplwaye resous ak pèsoneèl adisyonèl nan plizyè ajans eta ki te enplike nan repons pou ijans nan Lavèy Nwèl la, ak lannwit samdi pou rive dimanch, Lapolis Eta a, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Gad Nasyonal la te mete tèt ansanm ak ofisyèl sekirite piblik

lokal yo ak ekip sèvis piblik yo pou fòme ekip entèkansyon ki konsantre sou tchèk lavi ak sekirite nan Vil Buffalo. Jou Nwèl la, ekip sa yo te pase jounen an ap sipòte efò restorasyon kouran elektrik yo ak gwo ekipman pou retire nèj.

Pandan nèj pral kontinye pèsiste nan Lwès New York ak North Country jiska lendi avèk rafal van nan 48 a 64 km alè, Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye respekte entèdiksyon vwayaj lokal yo epi limite tan deyò yo.

"Nou kontinye travay 24 sou 24 ak lidè lokal yo pou reponn ak tanpèt istorik sa a epi nou an kontak ak Mezon Blanch lan pou jwenn asistans federal enpòtan pou ede kominote nou yo rekipere", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen ankouraje tout moun pou yo kontinye pran swen youn lòt, rete lwen wout yo epi pran prekosyon pou yo rete an sekirite lakay yo."

Rejyon North County, New York Santral yo tout te fè eksperyans gwo rafal van ki te plis pase 96 km alè pandan evènman an. Nan Lwès New York, gwo van yo te rive nan 127 km alè tou pre Buffalo Skyway. Zòn ki bò Lak Erie nan lwès New York ka wè yon lòt pye nèj edmi ak zòn ki nan Lak Ontario nan North Country ka wè yon lòt 3 pye nèj nan madi apremidi.

Avètisman Nèj Efè Lak ak Avètisman Tanpèt Ivènal yo anvigè apati pou konte nan rejyon Lwès New York, ak North Country yo. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, avi ak konsèy atravè New York, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyo Nasyonal la.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Rete lakay ou epi respekte entèdiksyon vwayaj lokal ki an plas yo. Sa a se pou pwòp sekirite ou, epi pou fasilite operasyon ekip sèvis piblik yo, kamyon chasnèj ak sekouris ijans yo. Ekip ajans Eta nou yo ap travay nan tèt kole youn ak lòt ak patnè lokal nou yo pou ede Nouyòkè yo travèse tanpèt istorik sa a."

Preparasyon Ajans lan

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center, EOC) Eta a ak Sant Operasyon Ponpye (Fire Operations Center) yo plen ak anplwaye epi y ap travay aktivman pou satisfè demann pou asistans yo nan men gouvènman lokal yo.

Biwo Jesyon Ijans ak Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi a te deplwaye pèsònèl ak ekipman (UTV) pou fè tchèk lavi ak sekirite sou moun nan Lwès New York, ansanm ak resous pou sipòteabri chofman yo, ki gen ladan plis pase 4,600 MRE pouabri nan Konte Erie ak rejyon Lwès New York, ak plis pase 1,700 MRE, 4,800 bidon dlo, 1,100 dra ak zòrye pouabri nan Konte Genesee.

DHSES prepare pou reponn a demann adisyonèl pou asistans nan men gouvènman lokal yo atravè eta a epi deplwaye resous ki soti nan rezèv Eta a.

Divizyon Afè Militè ak Lamarin (Division of Military and Naval Affairs)

Divizyon Afè Militè ak Naval Eta New York la ap bay 200 sòlda anlplis ki soti nan Gad Nasyonal New York pou rive nan Lwès New York pou ede Nouyòkè yo ak repons ijans yo.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York genyen apeprè 8,000 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, pwoteksyon kab, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta a.

Malgre kondisyon danjere yo, National Grid te kapab retabli san danje plis pase 143,000 kliyan, ki afekte pa evènman tanpèt ivè a. Plis pase 175,000 moun te afekte pa gwo move tan sa a.

National Grid la genyen 3,092 travayè Sèvis Liy, Pye bwa ki angaje pou efò reparasyon ak restorasyon nan tout sistèm lan.

NYSEG/RG&E te kapab retabli plis pase 213,000 kliyan elektrik ki afekte nan evènman metewolojik la nan tout eta a. Plis pase 217,000 te afekte pa evènman sa a.

NYSEG/RG&E gen 2,261 travayè Sèvis Liy, Pye bwa ki angaje pou efò reparasyon ak restorasyon nan tout sistèm lan.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a ap entèvni avèk 3,450 sipèvizè ak operatè disponib nan Eta a.

Depatman an te sipòte plis operasyon pou retire nèj ak glas nan Lwès New York, North Country ak Finger Lakes ak resous deyò pandan tanpèt la nan de vag separe.

Pandan premye vag deplwaman yo, pou sipòte aktivite entèvansyon nan zòn kritik yo, yon total 71 anlplwaye, ki gen ladan 65 operatè kamyon chari, 4 sipèvizè, 1 manadjè asistan, 1 espesyalis sipò ICS, 13 kamyon chari, 2 souflezi nèj, ak 1 nivelè te deplwaye nan Lwès New York.

Rejyon Lwès NY:

- Te resevwa 3 operatè ki soti nan NY Santral
- Te resevwa 2 kamyon chasnèj, 2 souflezi nèj, ak 1 nivelè ki soti nan Finger Lakes
- Te resevwa 4 operatè ak 2 kamyon chasnèj ki soti nan NY Santral
- Te resevwa 26 operatè, 2 sipèvizè, ak 1 asistan manadjè ki soti nan rejyon Mid-Hudson
- Te resevwa 10 operatè chasnèj, 1 sipèvizè, ak 3 kamyon pwa mwayen ki soti nan Southern Tier
- Te resevwa 19 operatè ak 1 sipèvizè nan Long Island

- Te resevwa 1 espesyalis ICS ki soti nan Distri Kapital la

North Country:

- Te resevwa 2 operatè ak 1 kamyon chasnèj ki soti nan Distri Kapital la
- Te resevwa 2 operatè ak 1 kamyon chasnèj ki soti nan Mohawk Valley
- Te resevwa 2 operatè ak 1 kamyon chasnèj ki soti nan NY Santral

Pandan dezyèm vag deplwaman yo, yo te deplwaye yon total 18 anplwaye, ki gen ladan 12 operatè kamyon chasnèj ak 6 mekanisyen, 3 soufle nèj, 4 chajè, 1 bouldozè ak 1 nivlè epi yo distribye konsa a:

Finger Lakes:

- Te resevwa 2 operatè ak 1 kamyon soufle nèj ki soti nan Distri Kapital la
- Te resevwa 2 operatè ak 1 chajè ki soti nan Mohawk Valley
- Te resevwa 4 operatè, 1 soufle nèj ak 1 chajè ki soti nan NY Santral
- Te resevwa 4 operatè ak 2 chajè ki soti nan Southern Tier

Rejyon Lwès NY:

- Te resevwa 1 bouldozè (ki soti nan Distri Kapital la)
- Te resevwa 1 mekanisyen ak 1 soufle nèj ki soti nan Southern Tier
- Te resevwa 2 mekanisyen ki soti nan Mid-Hudson)
- Te resevwa 1 mekanisyen ak 1 nivlè (ki soti nan Southern Tier)
- Te resevwa 2 mekanisyen nan Long Island

Resous kontraktè ijans: 4 chajè pou misyon sekou ak rekiperasyon nan lwès New York

Yo deplwaye tout ekipman ki disponib pou repons yo. Flòt mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lokal rezidans prensipal yo 24/24, 7/7 pou fè reparasyon epi kenbe kamyon yo sou wout la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1583 gwo kamyon chasnèj
- 338 gwo chajè
- 157 kamyon sèvis mwayen ki gen chasnèj
- 37 gwo aparèy pou soufle nèj
- 52 remòk chasnèj
- 20 aparèy pou fè nivèlman
- 29 ekskavatri sou ray
- 44 ekskavatri sou wou
- 49 atach grapen
- 32 kamyon siyal trafik
- 13 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Otorite Thruway

Anplwaye mentnans Otorite Thruway yo travay 24/24 epi yo ap reponn ak tanpèt la avèk 678 operatè ak sipèvizè nan tout eta a. Thruway ap deplase epi deplwaye anplwaye adisyonèl ak ekipman ki soti nan Divizyon New York ak Albany li yo pou sipòte operasyon nèj ak glas nan Lwès New York. Resous ki deplwaye yo enkli gwo kamyon chasnèj ak operatè yo. Resous adisyonèl yo an atant epi yo pare pou deplase jan sa nesèsè.

Yo entèdi **TOUT VEYIKIL** sou Thruway Eta New York la (I-90) apati Sòti 46 (Rochester - I-390) rive nan fwontyè Pennsylvania, ak Niagara Thruway (I-190) soti nan I-90 rive nan Sòti 22 (Route 62) jiska nouvèl òd.

Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a enkli:

- 364 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 10 remòk chasnèj
- 66 chajè
- Plis pase 123,000 tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la. Swiv Otorite Thruway sou Twitter: [@NYSThruway](#) & [@ThruwayTraffic](#) ak sou Facebook: [Otorite Thruway NYS](#).

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a te deplwaye pèsònèl ak resous adisyonèl nan tout Lwès New York ak Konte Jefferson pou ede ak pwoblèm ki gen rapò ak tanpèt yo. Lapolis Eta a ap opere de ekip entèvansyon nan vil Buffalo an patenarya ak Polis Konsèvasyon Anviwònmanal la, Gad Forè, Ponpye Eta ak Depatman Transpò Eta New York pou ede National Grid jwenn aksè nan soustasyon yo ak ekipman yo ki nan State Route 33 pandan y ap travay pou retabli elektrisite. Twoup yo te reponn a plis pase 750 aksidan ak prèske 1,300 machin ki anpán depi kòmansman tanpèt la.

Konsèy sekirite

Sekirite pou Deplasman nan sezon ivè

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w pran volan an, revize konsèy sekirite sa yo:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.

- Asire w ou etire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen.
- Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo.
- Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo.
- Asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid, ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje.

Tanperasyon ekstrèm yo

- Fè atansyon ak van frèt - van an konbinezon ak tanperati aktyèl la - ki ka lakòz yon ogmantasyon nan pèt chalè nan kò imen an.
- Abiye kòmsadwa epi evite rete nan freddi a twò lontan.
- Mete yon chapo ak gan lè sa apwopriye ak plizyè kouch rad. Evite ekspeze initilman nenpòt pati nan kò a nan freddi a.
- Bwè anpil likid cho oswa dlo tyèd men evite kafeyin ak alkòl. Rete aktif pou kenbe chalè kò a.
- Debarase w souvan nan freddi a.
- Si siyal ipotèmi oswa jeli parèt, soti nan frèddi a, chofe moun nan tou dousman epi chèche asistans medikal:
- Jeli (Frostbite): Sentòm yo enkli pèt sansasyon, yon aparans blan oswa pal nan dwèt, zòtèy, zòrèy ak nen.
- Ipotèmi Sentòm yo enkli frison enkontwolab, pawòl lan, fay nan memwa, bite souvan, ak somnolans.

Jefò Fizik

Gwo jefò fizik yo, tankou pèlte nèj, netwayaj debri oswa pouse yon machin, sa kapab ogmante risk pou yon atak kadyak. Swiv konsèy sa yo pou w rete an sekirite apre tanpèt la:

- Rete nan chalè, abiye avèk rad ki cho epi RALANTI lè y ap travay deyò.
- Repoze souvan pou evite twòp efò fizik.
- Si w santi doulè nan pwatrin, souf kout, oswa doulè nan machwè w k ap gaye nan bra w -- KANPE epi chèche èd imedyatman.

Blakawout yo

Tanpèt ivè yo ka lakòz blakawout Revize konsèy sekirite sa yo anvan limyè yo etenn pou w konnen kisa pou w fè nan yon ijans:

- Rele founisè sèvis piblik ou a pou ou fè yo konnen pa gen kouran.
- Evite tout fil elektrik ki tonbe epi rapòte yo bay founisè sèvis piblik ou a pou reparasyon; sipoze tout liy ki tonbe yo gen kouran sou tansyon.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kenbe pòt frijidè ak frizè ou fèmen pou anpeche manje gate. Lè nou pa si, jete manje a!
- Pa itilize gri chabon oswa jeneratris anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la, yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Etenn gwo aparèy pou anpeche domaj nan yon vag posib lè kouran an retounen-kite yon limyè ouvri pou w konnen lè kouran an retounen.

Chofaj Kay

Ekipman chofaj se youn nan koz prensipal lanmò ki lye ak dife nan kay. Kenbe moun ou renmen yo an sekirite lè w suiv etap enpòtan sa yo:

- Kenbe tout konbistib yo omwen a twa pye distans ak ekipman chofaj la.
- Toujou ploge aparèy yo ki gen ladan aparèy chofaj otonòm dirèkteman nan yon priz. Pa janm ploge aparèy yo nan yon fil elektrik oswa yon kab ekstansyon.
- Asire w ke gen yon alam kont lafimen k ap fonksyone nan chak chanm, deyò zòn pou dòmi yo ak nan chak nivo lakay ou.

Pou tout bezwen sèvis ki pa ijans anvan, pandan oswa apre yon tanpèt, rele 211 oswa vizite 211nys.org.

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la nan www.dhSES.ny.gov/safety.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418